

INISYATIV TRANSPÒ AK KLIMA

(TRANSPORTATION & CLIMATE INITIATIVE, TCI)

PWOSESIS ELABORASYON PWOPPOZISYON POLITIK REJYONAL 2019 LA

Insyativ Transpò ak Klima (Transportation and Climate Initiative, TCI) an se yon kolaborasyon rejyonal Eta Nòdès ak Mid-Atlantik yo epi Distri Columbia k ap eseye bese emisyon gaz kabonik yo ki soti nan sektè transpò a epi devlope ekonomi enèji pwòp la anmenmtan l ap amelyore sistèm transpò yo.

OPÒTINITE A: Pwooblèm rejyonal yo egzije yon aksyon rejyonal

Polisyon ki soti nan transpò reprezante pi gwo pòsyon emisyon gaz kabonik ki chanje klima nan rejyon Nòdès ak Mid-Atlantik la (plis pase 40% nan tout rejyon an). Yon rapò Panèl Entègouvènmantal sou Chanjman Klimatik (Intergovernmental Panel on Climate Change) te fè dènyèman dekouvrir ke li nesesè pou yo fè kokennchenn rediksyon pandan pwochen deseni a pou evite enpak danjre sou lasante piblik, enfrastrikti ak anviwònman an. Anmenmtan, moun ak biznis nan tout rejyon an ap reklame opsyon transpò ki pi pwòp, pi efikas, pi ekitab epi pi rezistan.

Pwooblèm transpò ak klima pa kanpe devan frontyè Eta yo epi pwooblèm rejyonal mande yo met anplas aksyon rejyonal, anplisde efò Eta yo fè chak pou kont pa yo. Anmenmtan yo te konprann se te yon opòtinite pou adrese de (2) nan pi gwo pwooblèm nou genyen ansanm –bezwen ki ogmante pou nou amelyore fason moun ak machandiz deplase soti nan yon kote rive yon lòt kote, ansanm ak menas klè ak imedyat chanjman klimatik la poze pou nou – lidè nan sektè anviwònman, transpò ak ajans enèji yo te kreye TCI an 2010 pou Eta Nòdès ak Mid-Atlantik yo epi Distri Columbia an. TCI gen de (2) objektif jeneral:

- Fè gwo rediksyon nan gaz ki lakòz rechofman klimatik la ak nan lòt tip polisyon lè ki move pou lasante ki soti nan transpò nan tout rejyon an; epi
- Òganize sistèm transpò ki pi pwòp, pi djamn ki benefisyé tout kominate nou yo, espesyalman moun ki pa gen ase opsyon sèvis transpò epi ki dwe sipòte dispwopòsyonèlman chaj polisyon an.

TCI kounye a gen 13 jiridiksyon k ap patisce: Connecticut, Delaware, Maine, Maryland, Massachusetts, New Hampshire, New Jersey, New York, Pennsylvania, Rhode Island, Vermont, Virginia ak Distri Columbia. Grasa fasilitasyon Sant Klima Georgetown (Georgetown Climate Center) la, Eta yo te patisce nan gwoup travay ki konsantre sou veyikil ak fyoul pwòp, ki gen ladann planifikasyon pou enfrastrikti veyikil elektrik, kominate ki dirab, transpò machandiz ki efikas ansanm ak lòt apwòch rejyonal pou akselere tranzisyon an nan yon lavni transpò ki pa pwodui anpil emisyon gaz kabonik epi ki pwòp ak modèn.

SESYON POU KOUTE: Kolekte kòmantè piblik la konsènan lavni transpò ki pwòp

An 2018, Eta TCI yo te òganize yon seri sesyon toupatou nan rejyon Nòdès ak Mid-Atlantik la pou kolekte aktivman opinyon pati prenant yo osijè apwòch adisyonèl pou politik rejyonal pou reyalize yon lavni transpò ki pi pwòp ak pi djanm. Sis (6) sesyon rejyonal pou koute yo te rasanble 100 ofisyèl Eta ki soti toupatou nan rejyon an ak 500 manm kominate a otatal, lidè sektè biznis, ofisyèl minispal, divès kalite defansè kòz, lidè Eta ak politik lokal annsanm ak lòt entèvenan ki reprezante diferan pèspektiv ak ekspètiz. Grasa konvèrsasyon dirije konsènan priyorite, objektif ak lide sou politik pou reyalize transpò lavni ki pa pwodui anpil gaz kabonik, yo te mande entèvenan yo pou yo dekri sa yon sistèm transpò lavni ki pa pwodui anpil emisyon gaz kabonik ta ka sanble. Anplisde evènman rejyonal yo yo te òganize pou

TCI, Massachusetts, Rhode Island ak New York te òganize sesyon koute nan Eta yo pou abòde dirèkteman pati prenant ak kominote yo nan pwòp Eta pa yo.

Yo te degaje twa (3) pwen enpòtan nan konvèsasyon sa yo:

- 1) Patisipan yo te diskite divès politik posib pou takle emisyon transpò yo. Politik yo te plis pale sou li a se te pou kreye yon tarifikasyon emisyon sektè transpò yo epi re-investi lajan an.
- 2) Patisipan yo te pataje anpil lide differan osijè pwogram, aksyon ak prim pratik pou pwomouwva yon sistèm transpò ki pa pwodui anpil gaz kabonik; pou nou kapab mete lide ak aksyon sa yo anplas, n ap bezwen anpil finansman ak envestisman nouvo; epi
- 3) Patisipan yo te souliyen enpòtans pou politik yo akselere tranzisyon an nan transpò ki pa pwodui anpil gaz kabonik epi pou yo konsevwa yo ak mete yon anplas yon fason ki ekitab epi ki satisfè bezwen kominote ki pa jwenn anpil sèvis transpò epi ki sibi chaj polisyon an yon fason ki dispwopòsyone.

Jiridiksyon TCI te jwenn enfòmasyon nan sesyon koute yo, nan larechèch ak analiz epi nan eksperyans lòt Eta ak aktivite reyjonal yo, epi yo te rekonèt yon apwòch plafon-epi-envesti ki mande pi gwo rediksyon progresivman nan polisyon epi ki jenere lajan yo kapab envesti nan opsyon transpò ki san danje, pwòp ak bon mache, ta ka byen adapte pou reyalize objektif sa yo.

PWOSESIS DEVLOPMAN POLITIK REYJONAL LA: Travay ansanm pou elabore yon politik transpò pwòp
An desanm 2018, nèf Eta TCI ansanm ak Distri Columbia te anonsé angajman komen yo pou elabore, nan yon ane oplita, yon pwopozisyon politik transpò reyjonal ki pa pwodui anpil gaz kabonik ki t ap plafone pou redwi emisyon gaz kabonik yo akòz konbistyon fyoul transpò yo grasa yon pwogram plafon-epi-envesti oubyen yon lòt mekanism tarifikasyon epi li ta pèmèt chak jiridiksyon TCI envesti lajan an li kolekte nan pwogram la nan enfrastrikti transpò ki pi pwòp ak pi djamn. Aprè pwosesis devlopman politik la fini, chak jiridiksyon pral deside si yo adopte epi mete anplas politik ki pwopoze a.

Anons sa a te souliyen angajman Eta yo pataje ansanm pou travay ak tout moun ki enterese yo ak kominote yo nan chak etap pwosesis elaborasyon politik la. Eta TCI yo pral kontinye ofri opòtinite pou kolekte opinyon publik la epi ankouraje angajman li, grasa atelye travay reyjonal pou moun ki enterese yo, webinar anliy ak fòm pou publik la ranpli bay kòmantè li w ap jwenn sou wèbsayt TCI a. Jiridiksyon endividiyèl TCI yo ap ofri tou opòtinite espesifik pou chak Eta pou pati prenant yo kapab patisipe nan pwosesis elaborasyon politik la. Grasa èd Sant Klima Georgetown la, Eta yo ap òganize analiz teknik detaye pou evalye benefis potansyèl anviwònmantal, ekonomik ak sosyal ki genyen nan yon pwogram transpò reyjonal ki pa pwodui anpil emisyon gaz kabonik, pou jwenn plis enfòmasyon konsènan desizyon osijè:

- **Elaborasyon Pwogram la** – Devlope pwovizyon politik espesifik yo, ki gen ladann tou yon plafon emisyon ki garanti rediksyon veritab nan kantite polisyon epi ki konsistan ak objektif anbisye pou rediksyon emisyon gaz kabonik yo Eta yo fikse pou tèt pa yo; asire polyè yo peye pou polisyon yo lakòz la; epi pataje depans ak benefis yon fason ki ekitab epi ki benefisyè kominote yo epi dinamize ekonomi a.
- **Envestisman yo** – Grasa lajan yo kolekte nan vant ozanchè kantite ki otorize yo, sa va pèmèt pwogram aj envestisman fèt nan chak Eta ki redwi polisyon an plis toujou, ki takle preyokipasyon ki gen pou wè ak lekite epi jistis anviwònmantal, amelyore solidite transpò yo epi satisfè bezwen lòt bezwen kominotè ki asosye ak sa.
- **Politik konplemantè yo** – Konsidere lòt pwogram, règ oswa apwòch ki pa fè dirèkteman pati nan politik plafon-epi-envesti a, men ki ogmante, akselere oswa redwi pri rediksyon polisyon gaz ki

lakòz rechofman klimatik la, bese lòt tip polisyon epi amelyore sistèm transpò yo oubyen takle lòt bezwen kominotè.

Lè nou travay tèt ansanm pou akselere tranzisyon an nan transpò lavni ki pa pwodui anpil gaz ki lakòz rechofman klimatik la, jiridiksyon TCI yo ap eseye òganize sistèm transpò ki pi djanm ki benefisyé tout kominote nou yo, espesyalman kominote sa yo ki pa gen anpil opsyon sèvsi transpò epi k ap sibi fado polisyon yon fason ki dispwopòsyone.

W ap jwenn plis enfòmasyon konsènan pwosesis Elaborasyon Politik Rejyonal TCI an sou wèbsayt TCI a nan: TransportationAndClimate.org